



## Ki Kote Pou Voye yon Plent?

### lapòs

Tanpri voye tout plent sou dwa sivil yo pa lapòs bay:

U.S. EPA External Civil Rights Compliance Office (2310A)  
1200 Pennsylvania Ave., NW  
Washington, D.C. 20460

### Imel

Title\_VI\_Complaints@epa.gov

## Lèt Demann?

Pou nenpòt lèt kesyon, tanpri ekri ECRCO nan adrès ki anwo a oswa rele ECRCO nan: (202) 564-3316 oswa, nan faks nan: (202) 564-0196. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ECRCO a nan:

<https://www.epa.gov/ogc/external-civil-rights-compliance-office-title-vi>

## KIJAN POU Depoze yon Plent pou Diskriminasyon

Biwo Konfòmite Dwa Sivil Ekstèn (ECRCO) ak Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini an responsab pou aplike plizyè lwa sou dwa sivil ki, jeneralman, entèdi diskriminasyon sou baz: ras, koulè, oswa orijin nasyonal (sa enkli sou baz konpetans limite nan Angle); sèks; andikap; ak laj, ak aplikan ak benefisyè asistans finansye federal EPA a

ECRCO responsab pou garanti pwogram oswa aktivite ki resevwa lajan EPA bay èd, avantaj oswa sèvis nan yon fason ki san patipri. Youn nan fason enpòtan ECRCO egzekite responsablite sa a se nan mennen ankèt sou plent piblik la depoze ki denonse yon konpòtman diskriminatwa ak benefisyè avantaj EPA yo.



## Ki Moun Ki Ka Depoze yon Plent pou Diskriminasyon?

Nenpòt moun ki kwè yon antite ki resevwa asistans finansye nan men EPA te fè diskriminasyon kont yon moun sou baz ras, koulè, orijin nasyonal (ki gen ladan konpetans limite nan Anglè), sèks, andikap oswa laj; oswa te angaje nan entimidasyon oswa vanjans regleman nondiskriminasyon EPA a entèdi, ka depoze yon plent. Moun oswa òganizasyon k ap depoze plent lan pa bezwen yon viktim swadizan diskriminasyon an, men yo ka pote plent sou non yon lòt moun oswa gwoup.



## Kisa yon Plent Dwe Genyen Ladan I?\*

- **Plent la dwe fèt alekri**, li dwe idantifye yon fason ki klè ki moun ki voye l, ki enkli siyati moun nan, epi li dwe bay EPA kowòdone moun nan. Nou sigjere egalman pou li enkli yon nimewo telefòn ak/oswa yon adrès imel pou kontak.
- **Plent lan ta dwe idantifye antite ki swadizan fè diskriminasyon an.** Tanpri sonje EPA ka sèlman ankete sou plent ki depoze kont yon antite ki resevwa asistans finansye nan men EPA.
- **Plent lan dwe denonse yon diskriminasyon ki entèdi nan youn nan Iwa ECRCO aplike yo.** Dekri ak plis detay posib poukisa ou estime antite a fè diskriminasyon kont oumenm oswa lòt moun sou baz ras, koulè, oswa orijin nasyonal (ki enkli konpetans limite nan-anglè); sèks; andikap; oswa laj; oswa te angaje nan entimidasyon oswa vanjans regleman nondiskriminasyon EPA a entèdi.
- **Plent lan dwe depoze nan 180 jou ouvrab apati dat dènye swadizan zak diskriminasyon an.** EPA ka konsidere pwolonje peryòd limit 180 jou yo pou depoze plent lan, pou yon bon rezon, nan sèten sikonstans.



## Ki Lwa Dwa Sivil ECRCO Aplike?

- **Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo**, ki entèdi moun k ap resevwa asistans finansye federal pwatike diskriminasyon sou baz ras, koulè oswa orijin nasyonal (tankou konpetans limite nan angle) nan pwogram oswa aktivite yo.
- **Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973**, ki entèdi moun k ap resevwa asistans finansye federal yo fè diskriminasyon kont moun ki andikape nan pwogram oswa aktivite yo.
- **Tit IX nan Amanman 1972 konsènan Edikasyon**, ki entèdi moun k ap resevwa asistans finansye federal pratike diskriminasyon kont moun sou baz sèks nan pwogram oswa aktivite edikasyon yo
- **Lwa 1975 sou Diskriminasyon ki gen rapò ak Laj**, ki entèdi moun k ap resevwa asistans finansye federal pratike diskriminasyon kont moun sou baz laj yo nan pwogram oswa aktivite yo.
- ECRCO responsab tou pou fè aplike Atik 13 nan **Amanman sou Lwa Federal pou Kontwòl Polisyon Dlo 1972 yo**, ki entèdi diskriminasyon ki baze sou sèks nan pwogram oswa aktivite ki benefisye yon asistans finansye nan men EPA dapre Lwa Dlo Pwòp (Clean Water Act.).

\* Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwosedi tretman plent **ECRCO a, tanpri konsilte Manyèl Rezolisyon Ka ECRCO a** (Janvyè 2017), nan: [https://www.epa.gov/sites/production/files/2017-01/documents/final\\_epa\\_ogc\\_ecrco\\_crm\\_january\\_11\\_2017.pdf](https://www.epa.gov/sites/production/files/2017-01/documents/final_epa_ogc_ecrco_crm_january_11_2017.pdf)